



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 1^{ye} me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN DEVLOPMAN WINCORAM COMMONS NAN KONTE SUFFOLK

Pwojè Priyorite Konsèy Rejyonal Long Island pral kreye 176 Apatman ak 175 djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman konstriksyon Wincoram Commons, yon gwo pwojè redevlopman nan Coram, Konte Suffolk. Pwojè a te nome yon priyorite pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (LIREDC), e li pral redevlope yon sit vid ak delabre an yon nouvo devlopman a plizyè itilizasyon avèk 176 apatman mendèv ak espas komèsyal. Pwojè a pral enjekte preske \$56 milyon dola nan ekonomi lokal la e li espere kreye apeprè 145 djòb konstriksyon ak plis pase 30 nouvo djòb pèmanan.

“Pwojè re-devlopman sa a pral transfòme yon senbòl delabreman an yon nouvo motè pou devlopman ekonomik ak lojman a bon mache,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal kolabore nan yon nivo lokal pou mete Nouyòkè yo nan travay ak mete kalite pwojè lokal sa yo nan premye plan efò nou pou revitalize ekonomi an.”

Wincoram Commons aliye avèk angajman LIREDC yo pou pwojè ki satisfè bezwen pou toulède lojman abòdab ak opòtinite ekonomik. Lokalize nan Wout 112 nan ansyen sit United/Artist movie theater, Wincoram Commons pral bay kay abòdab pou lwe nan yon nouvo kwasans kominote entelijan. Li gen ladan travay enfrastrikti enpòtan ak yon nouvo bilding komèsyal ki pral sèvi kòm yon pòtay pou kominote a, e li sipòte pa toulède patnè lokal ak eta enkli LIREDC, Devlopman Empire State (ESD), New York State Homes and Community Renewal (HCR), Kòporasyon Devlopman Kominotè Long Island, Conifer Realty, Konte Suffolk, ak Capital One Bank.

Prezidan ak PDG Kòporasyon Devlopman Kominotè Long Island Marianne Garvin te deklare, “ Wincoram Commons te rive nan yon etap enpòtan siksè akòz de sipò masif kominote Coram ak angajman, travay di ak finansamn nan men patnè sektè prive ak piblik nou yo. Investisman Resous nan revitalize kominote yo bay rezilta ekonomik ak sosyal pozitif enpòtan e nou fyè dèske nou fè pati nan transfòmasyon sa a.”

Haitian Creole

Vis Prezidan nan Conifer Realty Allen Handleman te deklare, “Inogirasyon sa a se kilminasyon yon efò kolaboratif konplèks nan sektè piblik, a bi non likratif prive. Sa a pa ta posib san vizyon ak lidèchip nan tout nivo gouvènman, ni li pa tap posib san travay ekselan moun yo nan tout nivo nan anpil ajans, biznis ak òganizasyon ki te kontribye pou kòmansman siksè Wincoram Commons. Nou rekonesan a tout moun yo ki te patispe.”

Ko-Prezidan REDC Long Island Kevin Law, Prezidan & PDG Asosyasyon Long Island ak Stuart Rabinowitz, Prezidan Hofstra University te deklare, “Inogirasyon jodia nan Wincoram Commons pral transfòme atosite kominote sa nan yon motè ekonomik lokal. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island te idantifye Wincoram Commons kòm yon pwojè priyorite ak envesti nan avni l paske li pral ede satisfè bezwen pou lojman lwaye e li pral yon modèl kwasans ak devlopman ekonomik.”

Nan Septanm 2012, LIREDC te idantifye Wincoram Commons kòm yon pwojè priyorite pou inisyativ REDC Wonn II. Apre twa wonn nan pwosesis REDC a, yo te bay plis pase \$2 bilyon pou kreye djòb e pwojè devlopman kominote ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, ki gen kòm rezilta kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 100,000 djòb toupatou nan eta a. Kòm yon pati nan pwosesis sa, Kòporasyon Devlopman Kominote Long Island (CDCLI) te atribye yon \$1 milyon dola sibvansyon nan Devlopman Empire State pou sipòte Wincoram Commons.

Anplis, kòm yon pati nan \$91 milyon dola ki te anonse nan prim ane pase pou bati lojman a bon mache ak renove kominote yo, HCR te apwouve \$1,154,390 nan kredi taks federal ak \$923,624 nan kredi taks eta pou premye faz Wincoram Commons. Pou faz li, Ajans Finans Lojman Eta New York HCR pral akòde \$7,480,000 nan finansman kosyon taks egzansyon \$600,000 ki soti nan pwogram Kay pou fanmi kap travay yo, ak \$744,038 nan kredi taks eta, ansanm avèk \$744,038 nan kredi taks federal.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare “Inogirasyon pwojè redevlopman nan Wincoram Commons se yon gwo egzanp de sa nou kapab akonpli atravè patenarya stratejik eta ak lokal nou te favorize sou direksyon Gouvènè Cuomo. Nan Devlopman Empire State nou te vize pou envesti nan pwojè kap kreye travay ak ede revitalize kominote yo. Wincoram Commons pral non sèlman fè toulède, men li pral egalman asire pwochen kwasans nan amelyore enfrastrikti enpòtan ak pote nouvo biznis ak opòtinite ekonomik nan kominote Coram lan.”

Komisyonè ak PDG Homes ak Community Renewal Darryl C. Towns te deklare, “HCR fyè paske li se yon pati nan Wincoram Commons. Mwen konplimante patnè nou yo nan CDCLI, Conifer, ak Devlopman Empire State. REDC Long Island Gouvènè Andrew Cuomo te fè Wincoram Commons yon pwojè priyorite li pral non sèlman pote lojman abòdab nan Coram, men egalman travay, aktivite ekonomik, ak dirabilite. Devlopman dinamik, inovè sa pral amelyore kalite lavi nan Coram e li pral sèvi kòm yon modèl pou patenarya prive ak piblik ki pral fè New York yon pi bon kote pou abite.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Komite a izaj miks ki pral ranplase ansyen United/Artist Theater nan Coram se egzakteman kalite nouvo devlopman nou bezwen nan Konte Suffolk. Non sèlman pwojè sa

Haitian Creole

pral pote nouvo lavi nan yon sit ki te yon atwosite pou rezidan yo, li pral fè sa nan yon fason ki itilize prensip kwasans entelijan pou bay lojman mendèv ki pi nesèsè.”

Senatè Eta New York John Flanagan te deklare, “Kòm pwojè sa ap kontinye ale delavan soti nan rèv a reyalyte, rezidan yo nan rejyon sa a ka kòmanse imajine fason pwojè transfòmatif sa pral pozitivman gen enpak nan kominote Coram. Pwopriyete sa ki abandone, ki te yon egzanp stagnasyon ekonomik, pral kounye a vini yon senbòl sou fason patenarya piblik ak prive ka amelyore kalite lavi pou rezidan yo nan zòn lan. CDCLI and Conifer Realty merite kredi pou efò yo ak pou angajman yo nan rejyon sa a.”

Manm Asanble Eta New York Steven Englebright te deklare, “Li se yon koz pou optimis ak selebrasyon pou wè travay ap kòmanse sou yon sit ki te pandan lontan yon senbòl tristès move planifikasyon. Menm jan sezon prentan rive, zòn sa a pral byento epanouyi nan yon sant vibaran nan kominote nou an. Nou bese chapo nou devan CDCLI, Coram Civic, ak tout lidè yo nan kominote a ki te fè pwen transfòmasyon sa posib.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Kòmansman jodia pou Wincoram Commons se yon gwo egzanp de sektè piblik ak prive kap travay ansanm pou pwomote devlopman ekonomik. Devlopman sa a pral bay opòtinite lojman ki nesèsè anpil pou rezidan Long Island yo ak redevlope yon sit delabre nan Coram nan itilize pratik konstriksyon vèt ak dirab sa ki pral sèvi kòm yon viktwa pou rezidan yo, lokatè ak kominote Coram lan nan ansanm. Mwen remèsye Kòporasyon Devlopman Kominote Long Island ak Conifer Realty paske yo te pote pwopriyete delabre sa nan lavi.”

Prezidan Asosyasyon Coram Civic Erma Gluck te deklare, “Finalman apre dis long ane nap fè travay poze premye wòch la nan Wincoram Commons. Pwojè sa a pral pote kè Coram nan lavi. Pandan anpil ane rezidan yo nan Coram te andire pou yo kondwi devan moniman delabre sa a. Pwojè sa a pral transfòme zòn lan nan yon sant anba lavil dinamik, aksesib a pye kote nou ka achte ak rekreye. Li pral egalman amelyore kondisyon anbouteyaj sou wout 112 ak Middle Country Road. Nou ta renmen remèsye CDCLI, Conifer Realty ak konseyè Connie Kepert, paske li te travay avèk Civic nou an depi nan kòmansman pou fè pwojè sa tounen yon reyalyte. Rèv ke nou tap tann depi lontan finalman vini reyèl.”

Sipèvizè Vil Brookhaven Ed Romaine te deklare, “Rezidan Coram yo tap rete tann depi yon bon tan pou pwopriyete abandone sa redevlope an yon kominote kap pwospere. Grasa vizyon CDCLI ak Conifer Realty, Wincoram pral amelyore grandman zòn lan, kreye travay, stimile ekonomi lokal la ak bay yon nouvo destinasyon Main Street pou achte ak manje. Map rete tann pou m akeyi kèk nan nouvo vwazen nou yo lè yo rantre.”

Konseyè Vil Brookhaven Connie Kepert te deklare, “Inogirasyon jodia se rezilta plizyè ane travay di bò kote yon gwoup moun ki angaje ki pa janm sispann kwè ke plas delabre sa kapab transfòme an yon plas vibran pou kominote Coram. Mwen vle remèsye patiispasyon Asosyasyon Coram Civic nan Middle Country Land itilize plan ki te gide pwojè sa a, espyalman Prezidan Civic Erma Gluck, ki te patisipe nan chak etap atravè pwosesis sa a. Mwen egalman vle remèsye Marianne Garvin, Prezidan ak PDG CDCLI ki te fè sa vini misyon l pou l wè redevlopman sa rive, ak Conifer Realty paske yo te travay etwatman avèk

Haitian Creole

Depatman Planifikasyon Vil la ak kominote a pou asire pwojè sa rete reyèl a vizyon kominote a. Jodia se yon gwo jou pou Vil Brookhaven ak Hamlet of Coram.”

Vis Prezidan Jeneral pou Finans Devlopman Kominote a nan Capital One Bank Laura Bailey te deklare, “Capital One Bank fyè anpil pou l patisipe nan gwo patenarya devlopman nan Wincoram Commons. Sa a se yon opòtinite fòmidad pou investi nan Coram nan bay bon jan kalite lojman a bon mache ak kreye travay adisyonèl isit la. Nou angaje pou travay avèk kominote yo nan Long Island pou pwoteje ak amelyore sa ki espesyal anpil osijè plas sa.”

Prezidan Red Stone Equity Partners Eric McClelland te deklare “Red Stone Equity Partners kontan pou l travay avèk Conifer ak CDCLI nan non Capital One nan re-devlopman ansyen United/Artist Theater. Red Stone rete angaje anpil nan zòn tankou Coram nan fason pou ede rezoud pwoblèm akoz manke bon jan kalite lojman a bon mache nan peyi sa a. Efò kolaboratif Red Stone avèk Conifer, CDC Long Island, Capital One, ak lòt patenarya piblik ak prive pral lakoz nan revitalizasyon Coram ak devlopman 176 inite lojman a bon mache ki byen nesèsè.”

Prezidan ak PDG CDT Joseph Reilly te deklare, “Pwojè sa ofri yon konbinezon fantastik espas rezidansyèl ak andetay avèk objektif olistik devlopman kominote. Wincoram Commons pa pral non sèlman bay nouvo lojman a bon mache pou plizyè santèn rezidan lokal yo, li pral egalman sèvi kòm yon sant komèsyal ki nesèsè anpil ak yon rezo kominotè pou vil la. Pwojè sa se yon bilding blòk enpòtan pou avni briyan Coram, e nou kontan paske nou fè pati de li.”

Kòporasyon Finansman CDCLI, yon afilye Kòporasyon Devlopman Kominotè nan Long Island ak yon entitisyon Finansye Devlopman Kominotè sètifye, ap prete pwojè a \$500,000 dola nan fon konstriksyon ak finansman pèmanan. Kòporasyon an ap itilize kapital nan men afilye nasyonal i yo, NeighborWorks America, ansanm avèk lòt sous yo, pou fè prè yo.

PDG NeighborWorks America Eileen M. Fitzgerald te deklare, “Bay Kapital a CDCLI pou ede devlopman Wincoram Common ale delavan se yon pati entegral nan vizyon NeighborWorks America ke lojman a bon mache se engredyen enpòtan nan revitalize ak ranfòse kominote yo e li esansyèl pou sèvi bezwen rezidan yo nan kominote sa yo. Enpak plizyè fasèt Wincoram sou katye a--retire tristès ajoute, travay, ak ogmante espas vèt --pasyonan ak yon modèl ke lòt kominote yo dwe swiv.”

Lejislatè Konte Suffolk Tom Muratore te deklare, “Mwen eksprime sipò mwen pou redevlopman transfòmatif sa a. Wincoram Commons se yon egzanp redevlopman kwasans entelijan nan yon sit ki te vid ak an move kondisyon pandan dènye deseni ki sot pase a. Kominote sa a se jis sa ki nesèsè pou renove kè Coram.”

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Gouvènè Cuomo sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsène ki nan biznis, akademi, gouvènman

Haitian Creole

lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, k ap monte epi nan kreyasyon yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre twa wonn nan pwosesis REDC a, yo te bay plis pase \$2 bilyon dola pou kreye djòb e pwojè devlopman kominote ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, ki gen kòm rezilta kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 100,000 djòb toupatou nan eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsèy rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418